

**RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN JARAK JAUH
(RPPJJ)**

Sekolah : SMP GAJAH MUNGKUR 6 NGADIROJO
 Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
 Kelas/ Semester : IX (Sembilan)/1(Satu)
 Kompetensi Dasar : 3.2 Menelaah teks piwulang *Serat Wulangreh pupuh Dhandhanggula*
 4.2 Menulis syair tembang macapat Dhandhanggula
 Alokasi Waktu : 6 Jam Pelajaran (3 x pertemuan)

Tujuan Pembelajaran		
<ul style="list-style-type: none"> ➤ Melalui diskusi dalam WAG, peserta didik dapat mengartikan kata- kata sukar yang sudah didata dengan benar. ➤ Melalui diskusi dalam WAG, peserta didik dapat menjawab pertanyaan tentang isi tembang dengan benar ➤ Melalui penjelasan guru dalam WAG, peserta didik dapat menuliskan isi pokok dan pesan yang terkandung dalam Serat Wulangreh pupuh dhandhanggula dengan tepat. ➤ Melalui pengamatan video, peserta didik dapat mengidentifikasi patokan tembang dhandhanggula dengan benar ➤ Melalui penjelasan guru dalam WAG, peserta didik dapat menulis syair tembang macapat Dhandhanggula sesuai dengan kaidah. 		
Kegiatan Pembelajaran		
Tahapan	Kegiatan	
Kegiatan awal	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik menerima salam dari guru • Peserta didik diminta mengisi absensi • Peserta didik mendapat motivasi dari guru. • Peserta didik mendapat apersepsi. • Peserta didik menerima penjelasan tujuan kegiatan pembelajaran 	
Kegiatan Inti	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik mendapatkan pengantar materi dari guru via WAG atau media komunikasi lain • Peserta didik mendengarkan tembang macapat dhandhanggula yang diperdengarkan melalui voice note di WAG • Peserta didik diberi tugas mendata kata-kata sukar yang terdapat dalam teks materi pupuh dhandhanggula pada 1-4. • Peserta didik saling berdiskusi/ bertanya jawab mengartikan kata-kata sukar melalui WA group kelas. • Peserta didik berdiskusi dalam WAG untuk menjawab pertanyaan terkait dengan isi pupuh dhadhanggula bait 1-4 • Peserta didik menuliskan isi pokok dan pesan yang terkandung dalam tembang Dhandhanggula bait 1-4, melalui microsoft teams. • Peserta didik memperhatikan penjelasan guru cara menulis tembang dhandhanggula via voice note atau Microsoft teams • Peserta didik diberi tugas menulis syair tembang dhandhanggula dengan tema Covid19 atau corona melalui Microsoft teams 	
Kegiatan akhir	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik bersama guru membuat kesimpulan Guru melakukan kegiatan refleksi untuk mengetahui apakah pembelajaran sudah sesuai dengan tujuan pembelajaran atau belum. 	
Penilaian		
Penilaian sikap Guru mengamati sikap peserta didik dalam hal: <ul style="list-style-type: none"> • disiplin waktu dalam melaksanakan kegiatan pembelajaran dan mengumpulkan hasil pembelajaran. • bekerja sama dengan cara aktif berdiskusi selama pembelajaran berlangsung 	Penilaian Pengetahuan Peserta didik mengerjakan: Lembar Kerja Peserta Didik (LKPD) yang berupa 5 soal esay dan penilaian harian berupa soal pilgan.	Penilaian ketrampilan Peserta didik secara mandiri membuat syair tembang dhandhanggula dengan tema corona/covid19

Ngadirojo, 13 Juli 2020

Mengetahui
 Kepala SMP Gajah Mungkur 6 Ngadirojo

Guru Mata Pelajaran

Endang Heriningsih,S.E

Arra zzaq Priyadita,S.Pd

Lampiran 1

A. Materi pelajaran

Serat Wulangreh yaiku asiling sastra kang awujud tembang yasan alem Sri Susuhunan Pakubuwana IV, raja Surakarta saka taun 1788 tumeka taun 1820. Naskah Wulangreh kang asli isih disimpen ing Museum Radya Pustaka ing Surakarta.

Tembang wulang nunggal teges karo tembung pitutur, nduweni teges ajaran, dene reh asale saka basa Jawa kuna tegese aturan. Wulangreh bisa ditegesi ajaran, piwulang, pitutur cara kanggo ngranggeh utawa tuntunan. Salah sawijine kaluwihane Serat Wulangreh yaiku ora akeh migunakake basa Jawa Kuna, ora kabeh ngemot tuntunan Islam.

Serat Wulangreh kadadean saka 13 (telulas) jinis tembang (pupuh), kanthi gunggung pada tembang siji lan sijine beda. Gatekna gunggunge pada ing saben tembange!

No	Tembang	Gunggunge pada	No	Tembang	Gunggunge pada
1	Dhandhanggula	8	8	Wirangrong	27
2	Kinanthi	16	9	Pocung	23
3	Gambuh	17	10	Mijil	26
4	Pangkur	17	11	Asmaradana	28
5	Maskumambang	34	12	Sinom	33
6	Megatruh	17	13	Girisa	25
7	Durma	12			

Ing semester 1 (gasal) disinau Serat wulangreh pupuh dhandhanggula mujudake tembang kang nduweni guru gatra paling akeh ing antarane tembang macapat liyane. Tembang Dhandhanggula ing Serat Wulangreh mujudake urutan kang kaping 1 (siji) lan kadadean saka 8 (wolu) pada.

Pupuh Dhandhanggula ing Serat Wulangreh iki isine babagan pangarsa utawa pemimpin sejati iku sepi saka sipaat loyo, lemer, genjah, adigang adigung adiguna. Pemimpin sejati kuwi kudu kendel, jujur, sepi ing pamrih, sregep ngibadah sarta tulus ikhlas ngabdi lan ngupadi amrih tentreming bebrayan.

Semaken pupuh Dhandhanggula kang kaemot ing Serat Wulangreh!

- Pamedhare wasitaning ati, cumanthaka aniru Pujangga, dhahat mudha ing batine. Nanging kedah ginunggung, datan wruh yen akeh ngesemi, ameksa angrumpaka, basa kang kalantur, tutur kang katula-tula, tinalaten rinuruh kalawan ririh, mrih padhanging sasmita.*
- Sasmitaning ngaurip puniki, mapan ewuh yen ora weruha, tan jumeneng ing uripe, akeh kang ngaku-aku, pangrasane sampun udani, tur durung wruh ing rasa, rasa kang satuhu, rasaning rasa punika, upayanen darapon sampurna ugi, ing kauripanira.*
- Jroning Quran nggoning rasa yekti, nanging ta pilih ingkang uninga, kajaba lawan tuduhe, nora kena den awur, ing satemah nora pinanggih, mundhak katalanjukan, temah sasar susur, yen sira ajun waskita, sampurnane ing badanira, sira anggugurua.*
- Nanging yen sira nggeguru kaki, amiliha manungsa kang nyata, ingkang becik martabate, sarta kang wruh ing kukum, kang ngibadah lan kang wirangi, sokur oleh wong tapa, ingkang wus amungkur, tan mikir pawewehing liyan, iku pantes sira gurohana kaki, sartane kawruhana*

B. Paugeran Tembang lan Ciri-cirine Tembang Macapat Dhandhanggula

Paugeran tembang macapat yaiku:

1. guru gatra (cacahing larik utawa gatra saben sapada)
2. guru wilangan (cacahing wanda utawa kecap saben gatra)
3. guru lagu (tibane swara utawa vokal ing pungkasaning gatra)

Ciri-cirine tembang Dhandhanggula :

1. guru gatra : 10 gtr
2. guru wilangan : 10, 10, 8, 7, 9, 7, 6, 8, 12, 7
3. guru lagu : i, a, e, u, i, a, u, a, i, a

C. Sumber Belajar :

1. Baut Basa Jawa KL. IX (Dwi Bambang Putut Setyadi)
2. Materi Pendamping Siswa (MGMP Bhs Jawa Wonogiri)
3. Buku Bausastra/ Kamus Basa Jawa
4. Internet

Lampiran 2

Lembar Kegiatan Peserta Didik

A. Pengetahuan:

1. Teknik Penilaian : Tes Tertulis
2. Bentuk Instrumen : Tes uraian
3. Kisi-kisi :

No.	Indikator	No. Butir Soal
1.	Mengidentifikasi isi teks piwulang (<i>Serat Wulangreh pupuh Dhandhanggula</i>) untuk menjawab 5 pertanyaan bacaan.	1-5

Soal :

a. Wangsulana pitakon ing ngisor iki migunakake basa krama!

1. Serat Wulangreh menika riptanipun swargi...
2. Serat Wulangreh menika dumados saking ... pupuh.
3. Tiyang gesang menika boten kepareng tumindak cumanthaka. Kenging menapa?
4. Tiyang gesang menika kedah mangagem paugeran awujud Kitab Suci. Kenging menapa?
5. Guru ingkang sejati inggih menika guru ingkang

b. Kunci Jawaban :

1. Sri Susuhunan Pakubuwana IV
2. 13
3. Badhe dipunraosi dening tiyang sanes, satemah nuwuhaken prekawis ingkang boten prayogi.
4. Supados gesangipun waskitha boten sasar susur.
5. Becik martabatipun, wruh ing kukum, ahli ngibadah tuwin wirangi.

c. Pedoman Penskoran:

Setiap jawaban benar diberi skor 5, sedangkan jawaban salah diberi skor 0. Karena soal berjumlah 5 butir, maka jumlah skor berkisar antara 0 sampai 25.

skor yang diperoleh

Nilai (1) : ----- X 100

Skor maksimal (25)

Kisi-kisi penilaian harian :

No.	Indikator	No. Butir Soal
1.	Mengidentifikasi isi teks piwulang (<i>Serat Wulangreh pupuh Dhandhanggula</i>) bait 1 – 4 dalam bentuk soal pilihan ganda	1-15

PENILAIAN HARIAN

- A. Pilihlah wangsulan kang bener kanthi menahi tandha ping (X) ing aksara a, b, c, utawa d !
1. Serat Wulangreh iku anggitané Sri Susuhunan Pakubuwana IV Raja ing Surakarta, ngemot 13 (telulas) pupuh tembang kang kadadean saka
 - a. Macapat
 - b. Tengahan

- c. 2 pupuh tembang macapat lan 11 pupuh tembang tengahan
 - d. 11 pupuh tembang macapat lan 2 pupuh tembang tengahan
2. Pupuh dhandhanggula mujudake tembang kang kaping ... saka Serat wulangreh.
- a. 1
 - b. 3
 - c. 5
 - d. 7
3. Saben tembang nduweni watak dhewe-dhewe, tembang dhandhanggula watake
- a. Grapyak semanak
 - b. Manis ngresepake luwes
 - c. Nepsu semangat
 - d. Nelangsa ngeres-eresi sedhih
4. Gatekna pratelan iki!
- 1) *Guru wilangan*
 - 2) *Pada*
 - 3) *Guru dadi*
 - 4) *Guru gatra*
 - 5) *Guru lagu*
 - 6) *Saka guru*

Paugeran utawa pathokane nulis tembang macapat, yaiku

- a. 1, 2, 3
 - b. 1, 3, 6
 - c. 1, 4, 5
 - d. 2, 3, 6
5. Gatekna pratelan-pratelan iki!

1) *9 gatra*

2) *10 gatra*

3) *10, 10, 8, 7, 9, 7, 6, 8, 12, 7*

4) *i, a, u, u, a, a, u, a, i, a*

5) *10, 10, 8, 7, 9, 7, 6, 7, 11, 7*

6) *i, a, e, u, i, a, u, a, i, a*

Guru gatra, guru wilangan lan guru lagune tembang dhandhanggula, yaiku

- a. 1, 3, 4
- b. 1, 5, 6
- c. 2, 3, 4
- d. 2, 3, 6

Gatekna tembang iki!

Sasmitaning ngaurip puniki,
 mapan ewuh yen ora weruha,
 tan jumeneng ing uripe,
 akeh kang ngaku-aku,
 pangrasane sampun udani,
 tur durung wruh ing rasa,
 rasa kang satuhu,
 rasaning rasa punika
 upayanen darapon sampurna ugi,
 ing kauripanira.

6. Manut tembang kasebut, apa kang kudu diupayakake supaya uripe sampurna?
 - a. ngaurip
 - b. pangrasa
 - c. rasa satuhu
 - d. kasampurnan
7. Upayanen **darapon** sampurna ugi, ing kauripanira. Tembung kanga kacithak miring lan kandel tegese cengkah karo tembung
 - a. supaya
 - b. amrih
 - c. usaha
 - d. kareben

Lamun ana wong micara kaki,
 tan mupakat ing patang prakara,
 aja sira age-age,
 anganggep nyatanipun,
 saringana dipunbaresih,
 limbangen lan kang patang,
 prakara rumuhun,
 dalil qadis lan ijemak,
 lan kiyase papat iku salah siji,
 anaa kang mupakat.

8. Yen ana wong kandha ora sarujuk marang patang prakara, aja age-age nganggep bener. Apa sing kudu ditindakake luwih dhisik?
 - a. Nolak wong kekandhan kasebut
 - b. Ora perlu nganggep
 - c. Digoleki benere dhisik
 - d. Dianggep benere wae
9. Gatekna tembung tembung iki!

1) baresih 2) dalil 3) qadis 4) rumuhun 5) ijemak 6) kiyas

Patang prakara kang dikarepake ing tembang kasebut yaiku nomer

- a. 1, 2, 3, 4
 - b. 1, 3, 4, 5
 - c. 2, 3, 4, 5
 - d. 2, 3, 5, 6
10. Prakara *rumuhun*. Tembung rumuhun iku asale saka tembung
 - a. rumah
 - b. ruhun
 - c. rumhun
 - d. muhun

Angel temen ing jaman puniki,
 ingkang pantes kena ginuronan,
 akeh wong jaya ngelmune,
 lan arang ingkang manut,
 yen wong ngelmu ingkang netepi,
 ing panggawening sarak,
 den arani luput,
 nanging ta asesenangan,

nora kena den wor kekarepaneki,

pancene priyanga

11. Angel temen ing jaman puniki, ingkang pantes kena *ginuronan*. Tembung ginuronan nduweni teges, kaya kasebut iki, kajaba
 - a. diguroni
 - b. dianggep guru
 - c. didadekake guru
 - d. guru dadi
12. Nanging ta *asesenengan*, nora kena den wor *kekarepaneki*. Tembung kang katulis miring awujud tembung rangkep
 - a. Dwi purwa
 - b. Dwi lingga
 - c. Dwi wasana
 - d. Dwi lingga salin swara
13. Nora kena den wor kekarepanneki, pancene *priyanga*. Tembung priyanga tegese
 - a. pribadi
 - b. wong
 - c. guru
 - d. priyayi
14. Pratelana ... sing ora jumbuh karo isine tembang kasebut.
 - a. Jaman saiki angel golek kang pantes diguroni
 - b. Akeh wong kang dhuwur ilmune nanging ora ngetrepi
 - c. Wong kang tumindak bener diarani salah
 - d. Wong sing dhuwur ilmune pantes diguroni
15. Tembang dhandhanggula sapada kasebut ngemu piwulang
 - a. Ngati-ati nalikane golek guru kang bener
 - b. Nggegurua marang wong kang dhuwur ilmune
 - c. Miliha guru kang dhuwur ilmune
 - d. Aja nggeguru marang wong sing luput

B. Kunci jawaban : 1. d 6. c 11. d
 2. a 7. c 12. a
 3. b 8. c 13. a
 4. c 9. d 14. d
 5. d 10. b 15. a

C. Pedoman Penskoran:

Setiap jawaban benar diberi skor 2, sedangkan jawaban salah diberi skor 0. Karena soal berjumlah 15 butir, maka jumlah skor berkisar antara 0 sampai 30.

skor yang diperoleh

Nilai (1) : ----- X 100
 Skor maksimal (30)

B. Penilaian Keterampilan

1. Teknik Penilaian : Tes praktik
2. Bentuk Instrumen : Tes uji petik kerja dan produk
3. Kisi-kisi :

No.	Indikator	No. Butir Soal
1.	Menulis syair tembang Dhandhanggula satu bait	1

Instrumen Penilaian Keterampilan (K4)

Nama : _____

Kelas : _____

1. Coba nulisa tembang Dhandhanggula sapada wae kanthi tema covid 19, lan asile dikirim lumantar Microsoft teams !